



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 37YÈM PWOPOSIZYON NAN DISKOU ETA LETA 2017
LAN: ANKOURAJE MOUN KI FÈK GRADYE NAN INIVÈSITE YO POU VIN TOUNEN
PWOPRIYETÈ KAY POU PREMYE FWA NAN KOMINOTE REJYON NÒ YO**

\$5 Milyon Moun Ki Gradye nan Pwogram Pilòt Pwopriyetya (Graduate to Homeownership Pilot Program) Pral Bay Asistans pou Moun Ki Ap Achte Kay yo Bay Moun Ki Fèk Gradye nan Inivèsite yo

Pwogram lan Enkli Prè ak Enterè ki Ba ki Sibvansyone, Asistans Premye Pèman ak Finansyèl ak Kou Edikasyon pou Moun Ki Ap Achte Kay yo

Konplemante Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative) Gouvènè a pou Kapab Transfòme Kominote yo Atravè New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te devwale jodi a yon nouvo Pwogram Pwopriyetya pou Moun Ki Gradye pou kapab bay moun ki fèk gradye nan inivèsite yo ak asistans pou moun ki ap achte kay yo pou rete nan Rejyon Nò a, espesyalman nan zòn anba lavil yo. Malgre li se lakay kèk nan pi gwo inivèsite yo nan nasyon an, anpil kominote Rejyon Nò yo ap fè fas pou kenbe moun ki fèk gradye yo. Pwogram pilòt \$5 milyon sa pral ankouraje pwopriyetya ak prè ak enterè ki ba ki sibvansyone yo, asistans premye pèman ak kou edikasyon pou moun ki ap achte kay yo, pou kapab ankouraje jèn moun yo pou rete epi kontinye revitalize zòn anba lavil Rejyon Nò New York yo.

“Kolèj ak inivèsite Rejyon Nò yo gen pwogram klas mondyal yo ki pwodwi moun ki gradye ki chaje kalifikasyon yo -- ki apre pati pou al jwenn opòtinite lòt kote,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwogram sa pral ankouraje moun ki fèk gradye yo pou plante rasin yo nan kominote nan rejyon nò yo, ki ap ede pote nouvel enèji nan sant anba lavil yo, favorize devlopman yo epi ogmante vitalite ekonomik yo.”

Kwasans ak revitalizasyon zòn metwopolitèn yo alimante epi soutni pa nouvo abitan yo ki ap vini nan rejyon an, menm jan ak moun ki gradye nan kolèj ak inivèsite lokal yo. Vil New York ap mennen nasyon an ak plis pase 71 pousan etidyan ki soti kolèj ak inivèsite yo pou rete nan zòn lan apre ke yo fin gradye, men anpil kominote nan Rejyon Nò yo, ki enkli Rochester ak Buffalo, te lite anpil pou kenbe moun ki gradye yo.

Pwogram sa pral bay moun ki fèk gradye nan inivèsite yo asistans adisyonèl pou moun ki ap achte kay pou premye fwa, pou kapab rete nan kominote rejyon nò yo ak zòn anba lavil ak sant ibèn yo. Pwogram lan pral adapte pou etidyan yo ak moun ki fèk gradye yo, epi li enkli kou edikasyon finansye sou entènèt oswa sou kanpis pou moun ki ap achte kay yo, menm jan ak prè a enterè ki ba pou moun ki ap achte kay pou premye fwa ki sibvansyone yo atravè Ajans Ipotekè Eta New York lan (State of New York Mortgage Agency), ki te fè pwopriyetya posib pou plis pase 8,000 Nouyòkè nan sis dènye ane yo.

Pwogram Pwopriyetya pou Moun Ki Gradye yo li pral ankouraje nouvo atraksyon rejyonal yo kote biznis yo kapab jwenn aksè a mendèv talantye epi divès New York lan, ki ap etabli estaj pou enèji antreprenarya ki nesèsè pou kapab kontinye revitalize zòn anba lavil Rejyon Nò New York yo. Pwogram pilòt inisyal \$5 milyon an pral elaji nan ane fiti pwogram lan yo si li pwouve ke li se yon reyisit.

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

Pwogram sa konplemanje jefò aktyèl Gouvènè Cuomo yo pou kapab revitalize kominote yo atravè New York, espesyalman nan Rejyon Nò. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan se yon pwogram \$100 milyon pou kapab transfòme kominote yo vanse pou devlopman nan vwazinaj dinamik yo kote pwochè jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv epi travay. Ane sa, 10 kominote atravè eta a te resevwa yo chak \$10 milyon nan finansman leta pou kapab revitalize vwazinaj lokal la epi jenere nouvo opòtinite yo pou kwasans ak pwosperite alontèm.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418